Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 106 (25592)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 18 июн — хурхæтæны мæйы 18 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
Республикæйы рæзт гæрæнты уавæры

3 РАДЗЫРД
Мад æмæ фырт

4 АИВАД
Нывтæ балæвар кодта

Дунеон экономикон форум

Бетъырбухаг фембæлдтытæ: æмархайды бадзырдтæ, иумæйаг инвестицион проекттæ...

"Рæстдзинад"-ы кæсджытæ куыд зонынц, афтæмæй ацы бонты РЦИ-Аланийы официалон делегаци Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй архайдта Бетъырбухы дунеон экономикон форумы. Æмæ ныр, уыцы егъау экономикон æмбырд кæронмæ куы æрхæццæ, уæд зæгъæн ис, нæ республикæйы минæвæрттæ балц рауад пайдайаг — фембæлдтытæ сын уыд зындгонддæр уæрæсейаг компаниты разамонджытимæ, æмгуыстады бадзырдтæ бафыстой инвестортимæ...

Амалхъомады райрæстæн

Ацы бонты цæгатирыстойнаг стенд (сæрмагондæй зæгъын хъæуы, нæ республикæйæн амынд форумы ахæм электронон экспозици фыццаг хатт кæй байгом, уый дæр) чи бабæрæг кодта, уыдонæй иу уыд Уæрæсейы Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы президент Александр ШОХИН.

Ацы æппæтуæрæсеон æхсæнадон иугондимæ Цæгат Ирыстонæн фæстаг рæстæг хорз бастдзинæдтæ фæзынд. Уыцы æууæл хорзæрдæм сахадыдта Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы регионалон хайады архайдыл. Æмæ ныр, Бетъырбухы экономикон форумы фадатæй спайда кæнгæйæ, промышленникты иугонд æмæ республикæйы разамынд бæстондæр æрдзырдтой дарддæры æмгуыстады фарстатыл. Уыимæ, æрмæст ныхас нæ, фæлæ бафыстой æмархайды бадзырд дæр. Уыцы документыл сæ къухтæ бавæрдтой Александр Шохин, Сергей Меняйло æмæ Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы регионалон хайады сæрдар **Хъодзаты Алан**.

Гæххæтт бафыссыны фæстæ фембæлды архайджытæ куыд фæнысан кодтой, афтæмæй бадзырды сæйрагдæр нысан у егъау инвестицион компаниты æргом республикæмæ раздахын, регионы амалхъомады райрæстæн уæлæмхасæн фадæттæ саразын æмæ иумæйаг инвестицион проекттыл бакусын.

— Ацы бадзырды фæрцы æппæтуæрæсеон иугонд æмæ республикæйы æхсæн æмгуыстад ноджы æнгомдæр кæй фæуыдзæн, цымыдисаг инвестицион проекттæ царды рауадзынæн кæй фæахъаз кæндзæн, уымæй мæ ныфс ис. Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы фæлтæрддзинад æнæмæнг хорзæрдæм фæзындзæн Цæгат Ирыстоны экономикон уавæрыл, — ахæм хатдзæг скодта Сергей Меняйло.

Информацион технологиты фæрцы

Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй нырыккон информацион технологиты ахадындзинад æххæссы царды æппæт къабæзтæм дæр.

Æмæ ацы ногдзинадæй цас бæстондæр æмæ хуыздæр пайдагонд цæуа, уый фæрцы хъомысджындæр кæндзæн, æмткæй райсгæйæ, куыд экономикæйы иумæйаг уавæр, афтæ, хицæн адæймаджы царды дæр.

Уыцы æууæл зæрдыл даргæйæ, Цæгат Ирыстоны минæвæрттæ сæрмагонд бадзырд бафыстой компани "1С"-йы разамындимæ. Гæххæтт бафысгæйæ Сергей Меняйло æмæ компанийы директор Борис Нуралиев куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй республикæ æмæ компани уæрæх æмгуыстад кæнцæудзысты бюджеты уагæвæрдтæ, — бафиппайдта Борис Нуралиев.



дзысты информацион технологиты къабазы: "1С"-йы специалисттæ сæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадæй хай кæндзысты республикон ведомствæтæ æмæ компаниты минæвæрттæн, нымæцон экономикæйы райрæстæн ахъазгæнæг проекттæ царды уагъд цæудзысты...

"Ахæм сæрмагонд бадзырды фæрцы республикæйы экономикæ æмæ царды иннæ къабæзты уæрæхдæр пайдагонд цæудзæн нырыккон информацион технологитæй. Зæгъæм, нæ компанийы технологитæ фадат дæттынц, цæмæй республикæйы финансон-хæдзарадон архайды тыххæй æппæт бæрæггæнæнтæ дæр хыгъд цæуой иумæйаг платформæйыл. Уыцы æууæлы фæрцы республикæйы Хицауады æмвæзадыл хаст уынаффæтæн уыдзæн фидардæр финансон-экономикон бындур, уымæн æмæ информацион платформæйы бæстон хыгъд æмæ æвдыст цæудзысты бюджеты уагæвæрдтæ, — бафиппайдта Борис Нуралиев.

Ирыстоны фæзындзæн туджы плазмæйы центр

Бетъырбухы форумы Ирыстоны минæвæрттæн цы фембæлдтытæ уыд, уыдон, кæй зæгъын æй хъæуы, баст уыдысты æрмæст комкоммæ экономикæимæ нæ, фæлæ цардархайды иннæ фæзилæнтимæ дæр. Зæгъæм, æнæниздзинады фарстатимæ.

Афтæ, акционерон æхсæнад "Фармимэкс"-ы президент Александр Апазов æмæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Скопинфарм"-ы генералон директор Ингæ Нижарадзеимæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло æрдзырдта туджы плазмæйы республикон центр саразыныл.

Туджы плазмæ æмæ уымæй арæзт препараттæ медицинæйы къабазæн куыд ахсджиаг сты, уый амонын никæмæн хъæуы. Уыимæ, фæстаг рæстæг фарста æвæрд цæуы, цæмæй амынд препараттæн сæ фылдæр уагъд цæуой уæрæсейаг куыстуæтты. Уыцы нысантыл кусгæйæ, цалдæр уæрæсейаг регионы æмвæзадыл архайд цæуы туджы плазмæйæ конд медицинон препаратты завод саразыныл. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй уыцы медицинон кусæндоны сæйраг дæлхайад æрбынæттон уыдзæн Рязаны облæсты. Уыимæ, куыстуатæн йæ дæлбар бакæндзысты, цалдæр регионы цы плазмоцентртæ сараздзысты, уыдон. Уыцы дæлхайæдтæй иу байгом уыдзæн Цæгат Ирыстоны.

Амынд проектыл куыст цæуы 2018 азæй фæстæмæ. Æмæ ныр фембæлды архайджытæ ногæй бæстон æркастысты ирыстойнаг плазмоцентры арæзтады фарстамæ.

(Кæрон 2 фарсыл)

Фæндагон хæдзарад

Арæзтад æмæ цалцæджы куыстытæн...

Цæгат Ирыстоны 2022 азы регионалон æмæ муниципалон фæндæгты арæзтад æмæ цалцæгæн дихгонд æрцæудзæн 2,5 милиард сомæй фылдæр.

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл.**

"2022 азы адарддæр уыдзысты фæндагон инфраструктурæйы нывылдзинады ахадгæ куыстытæ. Афтæ, 2,59 миллиард сомы хардзгонд æрцæудзысты регионалон æмæ муниципалон фæндæгты арæзтад æмæ цалцæгыл. 1,1 миллиард сомы та дихгонд æрцæудзысты Дзæуджыхъæу æмæ районты бюджеттæн - уыцы фæрæзтæй та базилдзысты бынæттон автомобилон фæндæгтæм", — загъта Солийы-фырт.

Комитеты сæрдары ныхасмæ гæсгæ, ныртæккæ подрядон организацитæ цалцæггæнæн куыстытæ æххæст кæнынц 15 объекты. Уыцы куыстыты фæрцы нормативон домæнты аккаг скæндзысты автомобилон фæндæгты 50 километрæй фылдæр.

Нæ уацхæссæг

Хуссар Ирыстонæй

Программæйы уагæвæрдтæ...

Хуссар Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзтæн ахъазгæнæг инвестицион программæйы уагæвæрдтæ æххæст кæныныл 2022 азы хардзгонд æрцæудзæн 1,1 милиард сомы бæрц.

Ахæм нымæцтæ журналисттæн фехъусын кодтой республикæйы Финансты министрады.

"Уæрæсейы Федерацийы финансон æххуысы фæрцы инвестицион программæйыл кусæм, уый уагæвæрдтæ æххæст кæнынæн 2022 азы нысангонд цæуы 1,1 миллиард сомæй фылдæр", — загъта финансон ведомствæйы бæрнон кусæг.

Хуссар Ирыстоны Арæзтады, архитектурæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй амынд программæйы фæлгæты цалцæггонд æмæ арæзт цæуынц цæрæнуæттæ, инженерон коммуникацитæ, хидтæ, фæндæгтæ, стæй ахуырад æмæ социалон инфраструктурæйы æндæр ахсджиаг объекттæ.

Æмткæй райсгæйæ, республикæйы социалон-экономикон райрæзтæн ахъазгæнæг программæйы уагæвæрдтæ æххæст кæнынæн 2020-2022 азты Уæрæсе радих кодта 4,5 милиард сомы бæрц. Программæйы уагæвæрдтæ æххæст кæнынмæ хуссарирыстойнаг ведомствæтæй уæлдай, сæ цæст дарынц УФ-йы Президенты Администрацийы æмæрæн бæстætимæ æмгуыстады управленийы æмæ Уæрæсейы Экономикон рæзты министрад.

("ТАСС")

19 июны — Медицинон кусæджы бон

Бæрæгбоны арфæтæ

Зынаргъ æмбæлттæ!

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады æппæт кусджытæн — дохтыртæн, медицинон хотæн, санитартæн зæрдæбынæй арфæ кæнын професионалон бæрæгбоны тыххæй.

Вазыгджын рæстæг домы арф зонындзинæдтæ, фæлтæрддзинад, уды æгæрон æмæ физикон тыхтæ. Дæсныйады баззайынц, медицинæ удæй чи равзæрста, уыдон. Алы бон дæр фервæзын кæнут дæсгай цардтæ, адæмы раздахут æнæниздзинадмæ, ныфс сын лæвар кæнут. Уæ размæ æвæрут низ фæсурыны, цард цæмæй мæлæтыл фæуæлахиз уа, ахæм нысан.

Бузныг уын уæ ацы фыдæбоны, уæлахизы тыхтæй, уæ дæсныйад бæрзонд кæй у, бæрнондзинадæй цух кæй не стут, уыдæтты фæдыл! Республикæйы цæрджыты æнæниздзинад баст у æппæт регионы рæзтимæ. Уымæ гæсгæ, æнæниздзинады нывылдзинад у нæ сæйраг нысан. Бирæ хъуыддæгтæ бафтыд нæ къухы, разæй нæм ноджы фылдæр æнхъæлмæ кæсы. Профессимæ æрыгæтты хонын хъæуы, медицинон æххуыс хъуамæ адæммæ фæхæстæгдæр уа. Уымæй æппæт системæ размæ рацæудзæн.

Зынаргъ æмбæлттæ! Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, царды цырен, уæ бинонтæн фарн æмæ ног фæллойадон æнтыстытæ!

Сергей МЕНЯЙЛО,
РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг

Медицинæйы кадджын кусджытæ æмæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады ветерантæ!

Тынг æхсызгонæй уын арфæ кæнын уæ бæрæгбоны тыххæй, цы фыдæбон кæнут, уый фæдыл та райсут бузныджы ныхас.

Уæ цард снывонд кодтат æппæты ахсджиагдæр хъуыддагæн — кæддæриддæр стут адæмы царды æмæ æнæниздзинады фарс. Уæ дæсныйад уæ домы арф зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ, уыцы-иу рæстæг стут быхсон, фæлмæнзæрдæ, рынчынтыл аудут. Дохтыртæ, медицинон хотæ, кæстæр медицинон кусджытæ — æмхуызонæй республикæйы цæрджытæн æвæстиатæй æххуыс кæнут, цы гæнæн ис, уымæй рынчынты ирвæзын кæнут, царды цин сын лæвар кæнут.

Цытджын Гиппократы бæрзонд хæрзæгъдау нысантæн дзуапп дæттут, уый куыд нымадта, афтæмæй дохтыр хъуамæ уа æмбаргæ, аив, хæларзæрдæ æмæ адæмуарзаг. Арфæйы ныхæстæ мæ фæнды медицинон къабазы ветерантæн зæгъын, уыдон бирæ азты дæргъы адæмæн лæггад кодтой, ныр дæр сæ зонындзинæдтæ æрыгæттæн лæвар кæнынц. Сæ фæлтæрддзинад кæстæр специалисттæн у фæзминаг.

Ацы бæрæгбоны уын мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, фарн, уæ кусты стыр æнтыстдзинæдтæ, рынчынты сæраппонд хуыздæр ракæндтæ! Амонджын ут!

Алексей МАЧНЕВ,
РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар

Гиппократы фæдонтæ

1980 азæй нырмæ алы аз дæр, июны æртыккаг хуыцаубоны, Уæрæсейы фæбæрæг кæнынц Медицинон кусæджы бон. Уыцы бон арфæ кæнынц, Гиппократы ард чи бахордта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр — дохтыртæн, медицинон хотæн, фелсыртæн.

РЕУАЗТЫ Таймураз

Нæ бæстæйы медицинæйы къабазы кусынц милуангай адæм. Уыдоны 'хсæн сты: дохтыртæ, медицинон хотæ, фелсыртæ, "Тагъд æххуыс"-ы кусджытæ, санитартæ æмæ иннæтæ. Се 'ппæты дæр иу кæны иу хъуыддаг — æххуысхъуаг чи у, уыдонæн баххуыс кæнын.

Дохтыры дæсныйадæн адæм алкæддæр стыр аргъ кодтой. Æнæ уыдоны æххуысæй адæмыл алы рын æмæ низтæ фæтых уыдаиккой.

Цæгат Ирыстоны медицинон колледж зындгонд у канд Кавказы нæ, фæлæ Уæрæсейы дæр. Цæттæ дзы кæнынц дæсны специалисттæ: акушертæ, фармацевттæ, фелсыртæ, медицинон хотæ æмæ æфсымæртæ, лабораториты техникон кусджытæ. Колледжы рауагъдонтæй бирæтæ райсынц уæлдæр ахуырад. Уыдонæн сæ фылдæр кусынц нæ бæстæйы алы кæрæтты æмæ регионты.

Медицинон кусæджы профессионалон бæрæгбоны къæсæрыл фембæлдысты Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы директор **Реуазты Таймуразимæ** æмæ нæм рауад ахæм ныхас:

— Фыццаджыдæр, мæн фæнды раарфæ кæнын, абон Украинæйы зæххыл хæсты быдыры чи ис, уыцы медицинон кусджытæн. Хуыцау сæ фыдбылызæй хъахъхъæнæд, дзæбæхæй сæ бинонтæм куыд æрыздæхой, ахæм арфæ сæ уæд! Се 'ппæт дæр зæрдиагæй кусынц уым. Арфæ кæнын канд дохтыртæн, фелсыртæн æмæ медицинон хотæн нæ, фæлæ санитаркæтæн дæр æмæ суанг, медицинон пунктты шофырæй чи кусы, уыдонæн дæр. Хатгай нæ техникон кусджытæ рохуаты аззайынц, фæлæ хирург операци куыд скæндзæн, электрикын рухс куы нæ бауадза, уæд, — зæгъы Реуазыфырт.

Пандемийы рæстæг Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы студенттæ адæмæн æххуыс кодтой рынчындæтты.

Дарддæр колледжы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй 280 студенты куыстой республикæйы фондз рынчындоны, карз низимæ тох кæм цыд, уыцы сырх зонæты. Колледжы цы зонындзинæдтæ райстой, уыдонæй уым цæстуарзонæй æмæ æнтыстджынæй пайда кодтой. Сты фæразон, сæ размæ цы хæстæ æвæрд уыд, уыдон иттæг хорз æххæст кодтой.

Колледжы арæзт æрцыдысты симуляцион ахуырады кабинеттæ. Уыдон ифтонггонд сты æнæмæнгхъæугæ медицинон техникæйæ. Ис дзы манекентæ æмæ æппæт фадæттæ дæр, цæмæй студенттæ уыдоныл ахуыр кæной.

Медицинон колледжы студенттæ

ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **18 июны,** ранæй-рæтты уардзæн. Væлдæфы температурæ республикæйы — **24-29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24-26 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,24

Хурыскаст — 04,18
Хурныгуылд — 19,42

Валютæйы аргъ

Доллар — 56,25
Евро — 58,73

12+

Æмбырд

Республикæйы рæзт гæрæнты уавæрты

Ацы азы дæргъы фондз мæймæ нæ республикæйы бюджет фæфылдæр 8,6 миллиард сомы бæрц æмæ, афтæмæй ныр йæ нымæц афæдзы бæрцæн схызт 42, 5 процентмæ. Уый фæдыл РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты оперативон штабы фехъусын кодта республикæйы финансты министр ИСАХЪТЫ Олег. Æмбырд ацыд РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй.

— Фаронимæ абаргæйæ, абоны бæрæггæнæнтæ сырæзтысты 594,6 милуан соммæ æмæ нæ республикæйы бюджет фæфылдæр кæныны фарстайы къуылымпыдзинæдтæ нæй. Фæлæ, гæрæнты уавæрты, уыцы æфтиæгтæ куы æрхауой, уымæй тæссаг у нырма, — загъта министр.

Исахъты Оледжы ныхæстæм гæсгæ, республикæйы экономикæйы иуæйиу хицæн къабæзты ацы нывыл уавæр бахъахъхъæнын æнцон нæу. Уыцы хъуыддаг бæрæг у, банкты секторы, организациты, чысыл амалхъомады æмæ хицæн адæймæгты хъалонты æфтиæгты ныллæг процентæй. Фæлæ, уæддæр, нæ республикæйы бюджеты æфтиæгтæ афæдзæн æххæстгонд æрцæудзысты æнæхъæнæй.

Æмбырды ма хицæнæй куыд загътой, афтæмæй республикæйы цæрджытæй мызд, пособитæ, компенсацитæ æмæ æндæр социалон фиддонтæй хæстæ абон нæй.

Дзанайты Барис нæ республикæйы Финансты министрадæн бахæс кодта, цæмæй бюджеты æппæт социалон ахадындзинады æмæ æфтиæгты фарстатæ бæлвырд кæной. Гæрæнты уавæрты, уæлдай тынгдæр фæкæсынхъуаг у арæзтады къабаз. РЦИ-Аланийы архитектурæ æмæ арæзтады министр **Моргуаты Константин** куыд загъта, афтæмæй, нæ республикæйы къуырцдзæвæны ныхмæ цы мадзæлттæ арæзт цæуынц, уыдон тынг ахъаззаг сты арæзтады къабазы нывыл архайдæн. Арæзтадон компанитæ æмæ проектарæзджытæн, компенсацион фонды руаджы фадат ис æфстæуттæ исынæн, иунæг æввонггæнæгимæ бадзырд саразыны бындурыл.

Министр ма куыд загъта, афтæмæй, гæрæнты уавæры Цæгат Ирыстоны, уæддæр сæрæнæй цæуынц социалон инфраструктурæйы объектты арæзтад æмæ цалцæджы куыстытæ. 2022 азы Дзæуджыхъæуы хъуамæ арæзт æрцæуа 550 бынатимæ скъола, æхгæд футболон манеж æмæ физкультурондзæвæхгæнæн комплекс бассейнимæ. Уымæй уæлдай, нæ республикæйы 44 скъолайы æмæ 5 культурæйы хæдзары цæудзысты бындурон цалцæг, культурæйы дыууæ ног галуаны арæзтад, дарддæр цæуы куыст культурон бынтæ æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады объекттыл.

— Нæ республикæйы фæзуатыл ацы аз 114 социалон объекты райдыдтой аразын, цалцæг æмæ реконструкци кæнын. Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ цæлхдуртимæ сæмбæлæм нæ куысты, политикон ахсæгтæ кæмæн ис, ахæмтимæ æмæ, æнæмæнг, ацы ран хъæуы æппæт æмвæзадты хицауиуæггæнæг оргæнты оперативон æмæ биноныг архайд. Ацы объекттæ афæдзы кæронмæ хъуамæ афоныл лæвæрд æрцæуой, — загъта Дзанайты Барис.

Хицауады Сæрдар бахæс кодта Архитектурæ æмæ арæзтады, стæй Цæрæнуатон-коммуналон, артаг æмæ энергетикæйы министрадтæн, цæмæй сæ хъус дарой арæзтадон æрмæгмæ æмæ ифтонггæрзтæм. Фæсарæйнаг бæстæтæй æрбаласыны фарстайы цæлхдур куы фæзына, уæд та сæ Уæрæсейы æмæ нæ хæлар бæстæты ссарыны мадзæлттæ аразын.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Арæзтад

Стадион "Спартак"-ы рацарæзт

Цæгат Ирыстоны арæзтад æмæ архитектурæйы министр МОРГУАТЫ Константины ныхасмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы республикон стадион "Спартак"-ы рацарæзт фæрæзты кадавары уавæрты кæй æххæст кæнынц, уый нымайгæйæ, амынд рацарæзт кæронмæ кæд ахæццæ уыдзæн, уый бæрæг нæу.

Моргуайы-фырт куыд загъта, афтæмæй стадионы проект райдайæны бацæттæ кодтой дыккаг къæпхæнмæ гæсгæ, фæлæ футболон клуб "Алани" фидæны уæлдæр къордмæ рацæуынмæ кæй бахъавдзæн, уый нымайгæйæ, проектон-аргъон гæххæттытæм ивддзинæдтæ бахæссын æмæ къæпхæндзинад фыццаг æмвæзады онг фæуæлдæр кæнын бахъуыд.

— Ацы ивддзинæдтæ бар дардтой трибунæты дæле агъуыстытæм æмæ прессæйы бынæттæм. Раздæры проектон гæххæттытæ фондз азы размæ бацæттæ кодтам. Амынд рæстæгæй нырмæ арæзтадон æрмæджытæ бæлвырд кæй фæзынаргъдæр сты, уымæ гæсгæ проектмæ ивддзинæдтæ бахæссын бахъуыд. Уæрæсейы Спорты министрад нын куыд фехъусын кодта, афтæмæй æхцайæ уæлæмхасæн æфсисады тыххæй уынаффæ рахæсдзысты æртыккаг кварталы. Объекты рацарæзт фæрæзты кадавары уавæрты кæй цæуы, уый нымайгæйæ, фыццаг хъазт ног стадионы кæцы бон ацæудзæн, уый зын зæгъæн у, — загъта министр.

Уæ сæрдыл уын лæууын кæнæм: Дзæуджыхъæуы ног стадион кæй аразынц, уый нымайгæйæ, "Алани" йæ хæдзарон хъæзтытæ акæны Грознайы. "Алани"-йæн йæхи стадион кæй нæй, уый нымайгæйæ, дзæуджыхъæууккаг командæ уæлдæр къорды архайыны бар райсынæн раивæн турниры цæмæй архайа, фарон Уæрæсейы Футболон цæдис ууыл не сразы.

Нæ уацхæссæг

Цæстдард

Мæнг гæххæттытæ — субсиди райсынæн

Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта, 48-аздзыд бынæттон цæрæджы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл.

Нæлгоймаджы азымджын кæнынц УФ-йы Уголовон кодексы 159-æм статьяйы 4-æм хайы ("Цæстфæливæн митæ, æхцайы стыр бæрцытæ расайгæйæ") æмæ 187-æм статьяйы 1-æм хайы ("Финансон фиддонты тыххæй мæнг гæххæттытæ саразын æмæ сæ спайда кæнын") бындурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй гуырысхойаг куыстадон ифтонггæрзтæ балхæныны тыххæй мæнг гæххæттытæ сарæзта. Фæстæдæр уыцы гæххæттытæ балæвæрдта Экономикон рæзты регионалон министрадмæ, цæмæй йын амалхъомадæн æххуысы паддзахадон программæйы фæлгæты радих кодтаиккой сæрмагонд субсидитæ. Нæлгоймаг министрадмæ цы гæххæттытæ балæвæрдта, уыдоны бындурыл ын æхца радтой. Уыцы субсидитæ азымджын йæхи фæндонмæ гæсгæ схардз кодта.

Ахæм архайды фæстиуæгæн федералон æмæ регионалон бюджеттæн рачындæуыд 2,7 милуан сомы бæрц зиан.

Ныр уголовон хъуыддаг æркæсынмæ æрвыст æрцыд Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Æхсæнад

Хистæрты сагъæс – кæстæрты фидæныл

Уыд Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы хистæрты советы президиумы æмбырд. Разамынд ын лæвæрдта йæ сæргълæууæг ТОМАЙТЫ Шамил. Цы фарстатæм æркастысты, уыдон сæйрагдæр баст уыдысты ирон адæмы демографийы уавæрыл, не 'взаг æмæ æгъдæуттæ бахъахъхъæныныл. Æмбырды райдайæны йæ архайджытæ æдзæмæй алæугæйæ ссардтой, пандемийы аххосæй йæ цардæй чи ахицæн, уыцы кадджын хистæрты рухс нæмттæ.

Æмбырды архайджытæн йæ раныхасы Томайты Шамил куыд загъта, афтæмæй ныртæккæ дуне æмæ Уæрæсе сты уæззау уавæры. Махæн та нæ хæс у, ахæм тыхст рæстæг нæ адæмы иумæйаг рухс фидæныл æрныхас кæнын. Дзæуджыхъæуы уынгты, бинонты 'хсæн ирон æвзаг нал хъуысы, не 'гъдау æмæ æфсарм цуды æмæ уыцы фарстатыл абон куы нæ йынц æмæ уый у бæллиццаг хъуыддаг. Сæ уынафæтæ æмæ фæндтæ царды бæллиццагæй куы рацæуой, уæд та дзурæн ис Ирыстоны дыууæ хайы иудзинадыл, — загъта йæ раныхасы историон наукæты доктор, профессор **Цыбырты Людвиг.**

Нæ республикæйы цы бирæ адæмыхæттытæ цæры, уыдон уарзынц æмæ аргъ кæнынц ирон адæмæн. Сæ дзырддзæугæддæртæй "Иры Стыр Ныхас"-ы цæмæй минæвар уа, гъе та сæ хицæн организаци арæзт æрцæуа, уыцы хъуыды æмбырды загъта инæлар **Къаболаты Солтан.**

Мадæлон æвзаджы уæззау уавæр нæ дзыллæйы удварны рæзтыл хорзæй кæй нæ ахады, ирон чиныгкæсджыты нымæц къаддæр кæй кæны, уыл уыд йæ раныхас Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат **Дзасохты Музаферæн**. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, нæ республикæйы разамынд æмæ "Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ нæ адæмы тыхстаг фарстатæ лыг кæныныл иумæйагæй куы архаиккой, уæд уый хуыздæр ахадид нæ нацийы иумæйаг рухс фидæныл.

Æмбырды архайдта Ос-Бæгъатыры номыл Национ рæзты центры сæргълæууæг, философон æмæ экономикон наукæты доктор, профессор **Дзанайты Хадзымæт**. Цалдæр азы размæ ныффыста æмæ мыхуыры рауагъта чиныг "Ирон адæмы национ рæзты доктринæ". Цы фарстатыл дзы сагъæс кæны, бæлвырдæй нæ адæмы удварны, культурæйы, зонады рæзтыл, фæсивæды хъомыладыл йæ чиныг куыд сахаддзæн, уый тыххæй радзырдта æмбырды архайджытæн. Уый фæстæ æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг **Еналдыты Хъазыбег** загъта йæ фæндон, цæмæй Хадзымæт фембæла "Стыр Ныхас"-ы æппæт советты уæнгтимæ æмæ сæ бæстондæр базонгæ кæна доктринæйы хъуыдытимæ.

асагъæс кæнæм, уæд райсом ноджы тыхстдæр уавæры уыдзыстæм.

— Махæн нæхи къухты ис не 'взаджы фидæн. Куы нæ йæ бахъахъхъæнæм, уæд нæхи нæхæдæг сафæм. Адæм æмбарынц, йæ уавæр бæллиццаг кæй нæу, уый, уæддæр ыл йæхи чи атигъ кæны, уыдон фылдæр кæнынц. Уæд, цымæ, йæ рæзтыл нæ архайд цæй мидæг ис. Йæ рæстæджы Дзасохты Алыксандр снысан кодта Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон æрвылаз бæрæг кæныны фæтк. Уæд цы мадзæлттæ арæзт æрцæуы, уыдон фаг не сты. Нæ фысджытæй, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй национ культурæ æмæ æвзаджы рæзтыл зæрдиагдæрæй чи архайы, уыдоны разæнгардæн сæрмагонд премитæ снысан кæнын. Нæ бæстæйы скондмæ Хуссар Ирыстон цæмæй бацæуа, ууыл ныртæккæ республикæйы ног разамынд архамæн. Сæ дзырддзæугæддæртæй "Иры Стыр Ныхас"-ы цæмæй минæвар уа, гъе та сæ хицæн организаци арæзт æрцæуа, уыцы хъуыды æмбырды загъта инæлар **Къаболаты Солтан.**

Мадæлон æвзаджы уæззау уавæр нæ дзыллæйы удварны рæзтыл хорзæй кæй нæ ахады, ирон чиныгкæсджыты нымæц къаддæр кæй кæны, уыл уыд йæ раныхас Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы лауреат **Дзасохты Музаферæн**. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, нæ республикæйы разамынд æмæ "Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ нæ адæмы тыхстаг фарстатæ лыг кæныныл иумæйагæй куы архаиккой, уæд уый хуыздæр ахадид нæ нацийы иумæйаг рухс фидæныл.

Æмбырды архайдта Ос-Бæгъатыры номыл Национ рæзты центры сæргълæууæг, философон æмæ экономикон наукæты доктор, профессор **Дзанайты Хадзымæт**. Цалдæр азы размæ ныффыста æмæ мыхуыры рауагъта чиныг "Ирон адæмы национ рæзты доктринæ". Цы фарстатыл дзы сагъæс кæны, бæлвырдæй нæ адæмы удварны, культурæйы, зонады рæзтыл, фæсивæды хъомыладыл йæ чиныг куыд сахаддзæн, уый тыххæй радзырдта æмбырды архайджытæн. Уый фæстæ æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг **Еналдыты Хъазыбег** загъта йæ фæндон, цæмæй Хадзымæт фембæла "Стыр Ныхас"-ы æппæт советты уæнгтимæ æмæ сæ бæстондæр базонгæ кæна доктринæйы хъуыдытимæ.

Нæ фæсивæдæй бирæтæ арæхæй-арæхдæр фæсарæнтæм кæй афтынц æмæ уым сæ цард аразыныл кæй бацархайынц, Ирыстонæн сæ зонындзинæдтæй пайда кæй не 'рхæссынц, стæй нæ демографийы уавæрыл йæ ныхас уыд Еналдыты Хъазыбегæн. Уый ма æрдзырдта хистæрты советы президиумы уæнгты архайдыл.

Ацы азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" раффыссыныл, стæй ирон æгъдæутты нысан цæй мидæг ис, уыимæ фæсивæды хуыздæр зонгæ кæныныл æмæ нæ адæмы иудзинады тыххæй æмбырды сæ хъуыдытæ загътой зындгонд скульптор, Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг **Дзбойты Михал**, фæллойы ветеран **Къорнаты Владимир** æмæ Зилгæйы хъæуы Ныхасы сæрдар **Хæмыцаты Раман**.

ГАСАНТЫ Валери

Профессион бæрæгбон

Райсом та бон уыдзæн...

Ахъуыды кæн, уæд сæ алчидæр йæ сабибонтæй фæстæмæ йæхицæн снысан кодта æххуысхъуаджы цур балæууын, гæнæн цæмæй ис, уымæй сæ дзæбæх кæныны хъуыддаг. Рæстæджы згъордыл цæст нæ хæцы, æмæ сæмбырд сты Республикон физкультурон диспансеры коллективы.

ТЛАТТЫ Фаризæ

Диспансеры сæйраг дохтыр **Тлатты Фаризæ** кусджыты æрбангом кодта, сæ зонындзинæдтæ, фæлтæрддзинад сын афтæ рацарæзта æмæ æмхуызонæй рынчыны хорздзинадыл архайынц. Низ раиртасыны, дзæбæхгæнæн мадзæлттæй æмæ фадæттæй диспансер у ифтонг. Сæйраг дохтыр лæмбынæг у æппæт ногдзинæдтæм, алы рынчыны хъысмæтмæ дæр у къæрцхъус. Цæгат Ирыстоны спортсментæ алыхуызон цæфтæ бавзарынц кæнæ сæм фæзынынц низтæ. Дохтыртæ æмæ медицинон хотæ рынчынтæн сæ уавæр æвзарынц, низы иунæг бæрæггæнæнмæ дæр уæлæнгай цæстæй кæсæн кæй нæй, уый сын æмбæрстгонд у.

Дохтыртæ, медицинон хотæ æппынæдзух арфæйы ныхæстæ райсынц сæ рынчынтæй. Низ раиртасыны фæстæ сын дзæбæхгæнæн мадзæлттæ рафыссынц. Алы процедурæ дæр кæнынц афойнадыл, сты бæрнон. "Бузныг, уæ лæггад, уæ цæрæнбон бирæ", "Куыд тагъд мæ адзæбæх кодтат", "Уæ ныййарджыты цæрæнбон бирæ", — ахæм арфæтæ райсынц медицинон хо **Хъайттаты Фатимæ,** дохтыртæ **Козаты Беллæ, Бутаты Дзерассæ, Бæцæзаты Ритæ.**

ХЪАЙТТАТЫ Фатимæ, КОЗАТЫ Беллæ, БУТАТЫ Дзерассæ æмæ БÆЦÆЗАТЫ Ритæ

Æхсызгон сын вæййы сæ раздæры рынчынты дзæбæхæй, спорты бæрзæндтæм тырнгæйæ фембон уыдзæн æмæ йемæ фарн æрхæсдзæн — ахæм у сæ хъуыды...

БУТАТЫ Эльзæ

Урс халат табуйаг кæмæн у...

Алы аз дæр июны æртыккаг хуыцаубоны медицинон кусджытæ бæрæг кæнынц сæ професcион бон. Фæлæ уыцы бæрæгбон æрмæст дохтыртæм æмæ медицинон кусджытæм хауы, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд, æвæццæгæн, раст нæ уыдзыстæм.

Ацы бæрæгбон йæ профессион арæнтæй рагæй ахызт, уымæн æмæ зæххы цъарыл иунæг ахæм адæймаг дæр нæй, дохтыры æхцайы къай никуы бахъуыд. Сывæллон куыддæр райгуыры, афтæ йæ йæ къухтæм фыццаг хатт райсынц урсхалатджынтæ, æмæ суанг нæ фæстаг бонтæм дæр нæ фарсмæ сты, сæ цард ацы арфæйаг дæсныйадæн чи снывонд кодта, уыцы фæрнджын адæймæгтæ.

Медицинæ цæмæй размæ цæуа, низтæ къаддæр кæной, инфекцион хæцгæ низтæ та парахат цæмæй ма кæной æмæ медицинон æххуысы гæнæнтæ фылдæр уой, уый тыххæй паддзахад абон æххæст кæны бирæ алыхуызон программæтæ æмæ æндæр мадзæлттæ, архайы, цæмæй медицинон æххуыс хæццæ кæна дæрддзæф рæттæм дæр.

Дохтыртæ æмæ медицинон кусджытæй уæлдай ацы бон бæрæг кæнынц, йæ дæсныйадмæ гæсгæ адæймаджы цард бахъахъхъæнын кæмæ æнхъæлмæ кæсы, уыдон дæр: рынчынты дзæбæх кæнынæн, низтæ æвзарынæн чи хъæуы, ахæм медицинон техникæ æмæ ифтонггæрзтæ аразæг уыцы инженертæ, технологтæ, химиктæ, биологтæ, лаборанттæ æмæ афтæ дарддæр. Æнæ уыдонæй медицинон наукæйæн цард нæй. Ацы бон се 'ппæт дæр уæлдай тынгдæр æнкъарынц, адæмы куыд тынг хъæуынц, æхсæнад сын аккаг аргъ кæй кæны, уый. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæрыстыр сты сæ дæсныйадæй.

Æмæ сын куыд ис æнæ аргъгæнгæ! Адæймаджы йæ низæй аирвæзын кæнын, йæ рыстытæ йын сурын, йе 'нæниздзинадыл аудын йæ царды ахсджиагдæр нысанæн чи равзæрста, урс халат табуйаг кæмæн ссис æмæ йе 'рвылбоны дарæс кæмæн у, уыцы фæлмæнзæрдæ адæймæгтæн алы рæстæджыты дæр кодтой стыр аргъ. Уыдон канд фæлмæнзæрдæ не сты, фæлæ сты удыхъæды хуыздæр миниуджыты хицау. Афтæ кæй у, уый уæлдай хатт рабæрæг, фæстаг æртæ азы дæргъы æппæт дунейы дæр карз хæцгæ низ — ног коронавирусы нысхмæ фидар фæлæууын куы бахъуыд, уыцы рæстæг. Уæдæ абон Украинæйы хæстон цауты архайгæйæ дæр, нæ урсхалатджынтæ æмрæнхъ сты не 'фсæддонтимæ æмæ, сæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, сæ цардыл нæ хъуыды кæнгæйæ, æвдисынц æнæкæрон лæгдзинад, ныфсхаст æмæ фидар удыхъæд.

Махæн та ацы бæрæгбон у ноджыдæр ма иу хатт медицинон кусджытæн æнæкæрон арфæ ракæнын æмæ сын нæ сæртæй нылæг æркувыны бон.

ДЕДЕГКАТЫ Сæлинæ

Бетъырбухаг фембæлдтытæ: æмархайды бадзырдтæ, иумæйаг инвестицион проекттæ...

(Райдайæн 1 фарсыл)

"Мамысон" æмæ логистикон-транспортон бастдзинады фарстатæ

Цæгат Ирыстон иумæйаг проекттæ цы компанитимæ æххæст кæны, уыдонæй иу у акционерон æхсæнад "Кавказ.РФ". Уыцы проектты дарддæры куыстыл Сергей МЕНЯЙЛО ærдзырдта "Кавказ.РФ"-йы генералон директор Хасан ТИМИЖЕВИМÆ.

Фембæлды архайджытæ радон хатт фæбæлвырд кодтой хæххон-рекреацион комплекс "Мамысон"-ы арæзтады фыццаг къæпхæны куыстытæ. Сæрмагонд æргом аздæхтой фидæны курорты инженерон, туристон æмæ æндæр ахæм инфраструктурон объекты арæзтадмæ.

Сергей Меняйло æмæ Хасан Тимижев æркастысты паддзахадон арæныл кусæг контролон-уадзæн пункты архайд фæнывылдæр кæныны фарстатæм дæр. Бæрæг куыд у, афтæмæй фæстаг рæстæг зынгæ фылдæр автомобилон транспорт цæуы "Уæллаг Ларс"-ыл. Уыцы æууæл расайы транспортон змæлды зынгæ къуыхцытæ. Æмæ цæмæй хæстæгдæр фидæны амынд фарста лыггонд æрцæуа, уыл иумæйаг хъарутæй бакусдзысты республикæ æмæ федералон ведомствæтæ. Нысангонд мадзæлттæй иу суыдзæн контролон-уадзæн пункт "Уæллаг Ларс"-ы рацарæзт. Уыимæ, рацарæзты агъоммæ пайдагонд æрцæудзæн æндæр мадзæлттæй дæр. Зæгъæм, ныры фембæлды рæстæг æргом аздæхтæуыд контролон-уадзæн пункты сæрты ахизыны нысанимæ уæззау транспортæн электронон рад саразынмæ.

— Специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй ахæм электронон рады фæрцы паддзахадон арæны сæрты уæзласæн транспорты цыд. Ахæм электронон системæйы фæрцы паддзахадон арæны сæрты ахизынвæнд кæнæг алы шофыр дæр рагагъоммæ уындзæн йæ рад. Уый фæрцы контролон-уадзæн пунктмæ бацæуæнты транспорт бирæгæйттæй нал æмбырд кæндзæн. Ацы фарстайыл куыст ныридæгæн райдыдта, — радзырдта Сергей Меняйло.

Индустриалон парчы арæзтад

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ инвестор ГУЫРИАТЫ Владимир бафыстой Дзæуджыхъæуы индустриалон (промышленнон) парк саразыны фæдыл рагагъоммæ бадзырд. Уыцы фембæлд дæр арæзт æрцыд Бетъырбухы экономикон форумы фæлгæты.

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй фидæны индустриалон парк æрбынæттон уыдзæн завод "ИРСТОУН"-ы бæстыхæйтты. Цалдæр промышленнон куыстады кæм уыдзæн, уыцы индустриалон парчы сконды уыдзæн транспортон-логистикон центр æфсæнвæндагон бацæуæнтимæ. Ныртæккæ фидæны индустриалон парчы проект лæвæрд æрцыд УФ-йы Промышленност æмæ базарады министрадмæ. Федералон ведомствæйы специалисттæ проекты фæдыл хатдзæгтæ куы скæной, уæд бæлвырдгонд æрцæудзысты арæзтад райдайны æмгъуыдтæ дæр.

Проект хорзыл банымайгæйæ, Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæ индустриалон парчы арæзтады хъуыддагмæ йе 'ргом аздахдзæн.

— Ахæм индустриалон парктæ саразыныл ныхас рагæй цæуы. Æмæ ныр йæ саразынмæ кæй феввахсдæр стæм, уый æвæрццæг дæнцæг у. Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй цалдæр куыстады иу структурæйы бæрны бакæныны хъуыддаг хорзæрдæм сахады кæронбæттæн экономикон бæрæггæнæнтыл. Æмæ ахæм индустриалон парк Цæгат Ирыстоны куы байгом уа, уæд фæзындзæн уæлæмхасæн кусæн бынæттæ, фылдæр хъалонтæ æмæ æндæр фиддонтæ æфтдзæн республикæйы бюджетмæ, — проектыл дзургæйæ, загъта республикæйы разамонæг.

Цæгат Ирыстоны официалон делегацийы уæнгтæн дунеон экономикон форумы фæзуаты фембæлдтытæ уыд æндæр компанитæ æмæ ведомствæты минæвæрттимæ дæр. Се 'ппæты дæр бæстон ныхас рауад дарддæры æмархайды нысантæ æмæ фæндæгтыл.

Афæлгæст бацæттæ кодта СЛАНТЫ Аслан

Радзырд

Мад æмæ фырт

Зæронд, урссæр сылгоймаг, зындгонд хъæбатыры мад сфæнд кодта уазæгуаты ацæуын йæ фыртмæ. Сындæггай стыр чырынæй иста дзаумæттæ æмæ сæ йæ хызынмæ ныппарыны агъоммæ цасдæр рæстæг йæ уырзтæй даудта. Раст сын цыма сæ аргъ искæмæй æмбæхсæгау кодта, уыйау.

— Æз дæ рагæй зонын, — дзырдта мады тыхстхуыз æнгас. — Ссардтон та дæ. Йæ зæрондгомау хызыны кæрæдзийы фарсмæ аив тыгъдæй лæууыдысты кæрз бæласы къалиу æмæ афтид гилдзæй ифтыгъд дамбаца, чи рафаста, ахæм дыууæ уадындзы телæй баст, фыркæсынæй чи базæронд, уыцы "Абеты чиныг", хъазæн гутон зестæй æмæ заз бæласы схъистæй арæзт ноджыдæр цыдæр лыстæг дзаумæттæ.

Ацы дзаумæттæ сты, чи рахъомыл, ахæм лæппуйы, æвæццæгæн. Йæ сывæллоны хъæзтытæ ныууагъта æмæ биноныг куыстытæ кæнын райдыдта.

Хуыцау æй дард кæдæмдæр фæхаста, фæлæ ма йæ хъазæнтыл ныр дæр йæ гыццыл нæрæмон къухы фæдтæ баззадысты.

— Тынг æнæрцæф мын уыдтæ! Фыдуаг, йæ сæр, уайдзæфгæнæгау, батилгæйæ, бакодта мад. Йæ хъазæнтæм ма йын иу каст фækодта æмæ йæ бæрæгбоны къаба кæнынмæ ацыд, сабырæй йæхинымæр дзургæйæ: "Эхх, мæ хъæбул, мæхи Петя!.."

Йæ сæрыл сау бæттæн бабаста æмæ хæдзарæй горæтырдæм араст. Йæ хъæбулы фенынмæ чи фæтагъд кæны, уыйау мæтхуызæй атындзыдта. Фæстаг азты рынчынтæ арæх кодта æмæ цыдис сындæггай, раст цыма фæндаг уырзæй сгæрста, уыйау.

— Дард у нырма, хур та йæ бынатмæ фæцæуы, — бакатай кодта ус, хъæды къохæй рацæугæйæ. Хуры тынтæм быдырон дидинджыты тæф уæларвмæ цыд. Мæнæуы астæуты раннæй-рæтты зындысты æрвдидинджыты сæртæ. Раст цыма мæнæуы æфсирты 'хсæнты сыгъдæг арв кастис, уыйау.

"Ацы дидинджытæ мæ лæппу бирæ уарзта" — хъуыдыгæнгæ, мидбыл худгæйæ, дзырдта зæронд ус. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, йæ лæппу-иу, скъолайæ цæугæйæ, æрвдидинджыты баст йæ худы æмбæхсгæйæ, хæдзары тыргъыл куыд алæууыд, уый. Æнæнхъæлæджы мад йæхи арæвдз кодта фæндагмæ, нæ дзы ферох ис æрвдидинджыты баст дæр, уадз æмæ йын йæ зæрдыл æрлæууын кæна йæ сабийы бонтæ.

Хурныгуылды размæ зæронд ус бахæццæ горæты фæзмæ. Дардæй кæсгæйæ, ауыдта, ногсыфтæрджын бæлæсты астæуæй кæй æрттивы æрыгон хæстоны цыртдзæвæн. Мад йæ къахайст фæтагъддæр кодта æмæ æвиппайды æрлæууыдис. Йæ зæрдæ ныккæрзыдта. Уый уыдис йæ фырт — адæмон хъæбатыр. Зынгхуыст хæстонæн йæ цыртдзæвæн лæууы Цæгат Ирыстоны Джызæлмæ фæндагыл. Йæ бакаст у хъæбатыр æмæ цырддзаст, йæ тохмæсидæг цæстæнгас дардмæ дæр агуры цыфыддæр знаджы. Йæ рахиз къухæй фидар хæцы йæ хæцæнгарзыл.

Цыртдзæвæны рæзты цæугæйæ, адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма лæууы удæгас хæстон. Йæ алыварс цъæх-цъæхид уыгæрдæн æрвдидинджытæй фæлыст. Ныййарæг мад бандзыг æмæ æнкъардæй каст йæ зынаргъ хъæбулы цæсгоммæ. Кæрæдзийы рагæй нæ федтой, æмæ йæм афтæ каст, цыма йæм ныртæккæ йæ цардбæллон лæппу сдзурдзæн: "Дæ зæрдæ мæм мауал æхсайæд. Æна, цыфыддæр знагимæ хæцгæйæ, карз тохы мæ сæйраг хæс сæххæст кодтон!". Мад сабыргай йæхи æруагъта бандоныл æмæ тыхулæфт скодта.

— Æз дæм æрбацыдтæн, мæ хъæбул! Фæнды мæ дæмæ аныхас кæнын, кæд мын фенцондæр уаид. Йæ фырт хъæбатырæй фæмард, æгъатыр знаг Ирыстонмæ куы æрбалæвурдта, уæд. Æвзонг хæстон мæлæтдзаг цæф фæцис. Бирæ фæкуыдта ныййарæг мад, йæ фыртæй сау гæххæтт куы райста, уæд. Нæ йæ уырныдта йæ фырты мæлæт. Фæлæ куы федта йæ хæстон фырты цыртдзæвæн, уæд æй æцæг бауырныдта, кæй нал ис, уый. Æмæ йæ ныр уырны, йæ фыртæй кæй нал фæхицæн уыдзæн, алы бон дæр ын дзурдзæн йæ зæрдиаг ныхæстæ æмæ хъæстытæ.

Ныййарæг мад! Цас фæразонад дæм разынди уыцы тызмæг азты!

Хур аныгуылдис, фæлæ ма мигъты къуымбилтæ хурныгуылæнæрдыгæй артау сыгъдысты, уый фæстæ сæ аууоны бакодтой хъайтары хæрзконд гуыр æмæ цæсгом. Мадмæ афтæ кастис, цыма йæ фырт йæ мидбылты худы.

— Хъæлдзæг дæ, хъæбул, куыд уынын, афтæмæй, æмæ Хуыцауæн — табу.

Æмæ сылгоймаг йæ фыртæн райдыдта дзурын, йæ зæрдæ йæм цæмæ 'хсайдта фæстаг фембæлды фæстæ, уыдæттæ: фæндагмæ куыд æмбырд кодтой, радзырдта йын, куыд федта æрвдидинджытæ æмæ йæ зæрдыл куыд æрлæууыдис, куыд сæ уарзта, уый. Сылгоймагæн уыцы уысм йæ лæппу уыдис æгас, æмæ йæм цыма канд лæмбынæг нæ хъуыста, фæлæ ма йæм лæвæрдта фарстытæ дæр, кæцытæ рагацау зыдта.

Кæм ссардтон дидинджытæ? Быдыры, къохы цур. О, о, уым зæронд кæрдо бæласы фарсмæ. Дæумæ дæр бирæ дидинджытæ ис? Уыдоныл, æвæццæгæн, ногдзаутæ дон кæнынц? Куыд аивтой ныртæккæйы сывæллæттæ! Æрхъуыды ма йæ кæн, хъæбул, куыд хивæнд уыдтæ, уый.

Цыртдзæвæныл лæууæг хъæбатыр цыма йæ былтæ базмælын кодта. Æнкъардæй æмæ сабыр

рæй, хистæрæн йæ зæрдыл куыд æрлæууыынц йæ сывæллоны бонты фыццаг митæ, афтæ. Чи зоны, уый рог изæрыгон дымгæ змælын кæны бæлæсты сыфтæртæ?..

— О, мæ лæппу, — дзырдта дарддæр сылгоймаг. — Абон дын дæ хъазæнтæм фæракæс-бакæс кодтон æмæ мæ зæрдыл æрлæууыдис дæ раздæры цард.

— Кæс-ма! Мæнæ дæ дамбаца. Хъуыды ма йæ кæныс, цал хатты дæм æрхаудис ныхас уый тыххæй? Цал хатты дæм фæхыл кодтон, уый фæстæ та смæсты дæн æмæ йæ аппарын кодтон.

— Æмæ ныр дæр мæсты кæныс, мæ мад? — сывæллонау хъавгæ афарста хæстон, йæ хъæлæс уыдис æнкъард, цыма дзы хæсты цæхæры йæ мады рæвдыд ферох, уыйау.

— Куыд хъуамæ мæсты кæнон, мæ лæппу? Æз мæ сæр бæрзæндты хæссын дæуæй, уыцы дамбаца дын дæ къухы уынгæйæ? Æви Сутэцейы тыххæй зарджытæм куы фæхъусын? Æмæ уым дæр дæ размæ куы рацыдысты!

— О, уый уыдтæн æз, — загъта хæстон.

— Æз дын дæ "Абеты чиныг" дæр æрбахастон, — загъта мад.

Хъуыды кæныс, цас цæуын дæ бахъуыд? Скъола уыди дыууæ хъæуæй фалдæр. Ныр хъæуты афтæ нал у. — ... Хъайтар бахудти:

— Æна, уæд ды дæр фыссын ахуыр кæндзынæ. Æвæццæгæн, уаты рудзынджы раз бадгæйæ, "абетæ" кæсдзынæ.

— Ды, мæ лæппу, кæддæриддæр æрхъуыдыджын уыдтæ. Иу аргъау сахуыр кодтон:

"Зымæг уыдис ахæм уазал, æмæ суанг цъайы дон дæр ныссалди, ныккæнды та — сæн. Зæронд Лукайæн нæ уыди хæдзары сугтæ, æмæ... Хатгæй-хатт та сбадын æмæ фыссын дæумæ фыстæг, — дарддæр дзырдта сылгоймаг. Ныхас ныхасы фæдыл, цыдæриддæр мæ зæрдæйы ис, уыдон фыссын æмæ кæуын. Æдзухдæр хъуыды кæнын, мæ лæппу удæгас кæй у, уыл, йæхæдæг дæр тынг фæцин кæндзæн...

Мад ныхъхъус ис æмæ йæ цæстытæ асæрфта, æнæдзургæйæ бирæ фæбадт, æмæ хæстон мæты бацыди: "Цы кодтай?.."

— Ницы, ницы, мæ лæппу. Зоныс, æппæты зындæр у, хъуыддаг адрисмæ куы бахæццæ вæйы. Æз афтæ рæсугъд ныффысдзынæн.

— Адæмон хъайтарæн, — дарддæр архайы адрис æрхъуыды кæныныл æмæ йæм уæд бахъары ды... Аххосджын цæстытæй скаст хæстонмæ æмæ фехъуыста уайдзæф.

Эхх, æна, нæ дæ уырны нырма, дæ цуры æцæгæйдæр дæ фырт кæй ис! Мæн тыххæй ды хъуамæ æфсæрмы ма кæнай, хæсты быдырæй нæ фæлыгъдтæн, мæхи уацары нæ радтон. Мад йæ цæссыг асæрфта...

— Ма мæсты кæн, мæ хъæбул. Уыйас дидинджыты 'хсæн нæ лæууис, нæ сæр дæ бæрзæндты куы нæ хæссиккам, уæд. Цал хатты бадтæн æмæ кастæн уыцы бæрзæндæй нæ горæтмæ, æмæ йæ зыдтон, кæй уыныс хæхтæ, хъæдтæ, быдыртæ:

"Алцыдæр уынын, æна, хатгай мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ уадындзимæ бадын..."

— Мæнæ дæ уадындз! — æхсызгонæй сдзырдта мад.

— Мæнæ дæ гутон. Хъуыды ма кæныс, бонизæрмæ-иу дæ рæстæг куыд æрвыстай быдырты кусгæйæ?

"Эхх, мæн фæндыд хæдтæхæг саразын, фæлæ мын дзы ницы рауад. Хæстæгмæ йæ никуы федтон", — загъта хъайтар.

— О, ныр афтæ нал у. Хъуыды ма кæныс дæ чысыл хæлар, пыхцылсæр Толяйы? Уый ссис тæхæг.

Мишæ æмæ Саня æфсæнвæндаджы кусджытæ сты, Коля та, дам, машинæтæ аразы. "Коля? Цы диссаджы хорз у! Мах уыимæ иумæ арæзтам хъæдын велосипед кæддæр..."

Мад йæ фыртмæ касти уарзон цæстæнгасæй, æмæ йæм æваст фæзынди фарст, кæцы йæм радтынмæ хъавыди рагæй:

— Sæгъ-ма, мæ лæппу, нæ фæсмон кæныс? Нырма æвзонг дæ, дæ цард разæй ис... Цымæ цæй номыл... Æмæ бронзæ æфсæддон хъæддыхæй загъта: — Нæ, нæ фæсмон кæнын, мæ мад. Ныртæккæ мын алцыдæр æмбæрстгонд у, æмæ райгонд дæн. Мæ рæзты алыбон дæр фæцæуынц сывæллæттæ, мæхæдæг кæддæр куыд уыдтæн, ахæмтæ. Æз ам лæууын, æмæ уыдон зонынц, цы сын зæгъынмæ хъавын, уый:

— Уынут, Фыдыбæстæйы сæрвæлтау мæлынц, фæлæ уый фæстæ адæмы зæрдæты цæрынц æнусмæ! Æмæ мыл бауæнд, хæст куы нынæра, уæд æз мæ бæстæйы сæрвæлтау уыдзынæн фыццæгтимæ. Ды та, мæ мад, фæсмон кæныс.

— Мæ хъæбул, æдыхст у. Дæуыл иунæг нæмыг дæр нæ фæтых уыдзæн. Ды æрмæст мæ хъæбул нал дæ, фæлæ æнусмæ æгас тыриса! Æз сæрыстыр дæн дæуæй. Æмæ-иу мæ зæрдæ æрхæндæг куы уа, уæд дæм-иу æрбацæудзынæн аныхас кæнынмæ.

— Æрбацу-иу, æрбацу, мæ мад... Уадз, æмæ иууылдæр уыной, мæ мад зæронд æмæ æдых кæй у, фæлæ хуымæтæджы сылгоймаг кæй нæу... Бирæ зынтæ бавзæрстай, фæлæ мæ уæддæр уарзыс. Æрбацу-иу, мæ мад, æдзухдæр дæм æнхъæлмæ фæкæсын.

АЛЫККАТЫ Æхсарбег,
Уæрæсейы Фыджыты
цæдисы уæнг,
отставкæйы дæлбулкъон

Ивгъуыды цардæй

Фыдæлты фарн ахæмтыл лæууы

Ацы аз газет "Рæстдзинад"-ы 12 апрелы номыры зæрдиагæй бакастæн Саутæты Тамилæйы уац "Хæдахуыр хосгæнæг Уане", зæгъгæ. Уым ныхас цæуы Мырзаганты Махары мысинæгтыл йæ фыд Уане æмæ фыды фыдыфыд Гисойы тыххæй. Уыдоны кой ирон адæмæй чи нæ фехъуыста, ахæмтæ, æвæццæгæн, бирæ нæй. Уане уыд зындгонд хосгæнæг, Гисо та, дам, уыд, Хуыцауы комытæфæй чи фæхайджын, ахæм. Æвæдза,цас хъарм æмæ фарн æвæрд ис ахæм мысинæгты. Нæ фыдæлтæ кæд ахуыргонд нæ уыдысты, уæддæр сæм уыд сæхи царды бæлвырд скъола, æгъдæуттæ æмæ сæ фæцудын нæ уагътой. Мæн дæр фæнды мæ фыдæлтæй цалдæры кой ракæнын æмæ сын сæ бирæ хорз хъуыддæттæ 'рымысын.

Хæдахуыр хосгæнæг Уане

Мæ фыдыфыдæн йæ фыдыфсымæр Джусойты Дзанг уыдис, диссаджы миниуджытæ кæмæ уыд, ахæм. Райгуырд 1840 азы, Хуссар Ирыстоны, Стыр мæсыджы хъæуы. Ус никуы 'рхаста, йæхи хуыдта сыгъдæг лæг, цард йе 'фсымæр Писыры зæнæгимæ. Арæзта алыхуызон мигæнæнтæ: арынгтæ, къæртатæ, къустæ, тæбæгътæ, тынуафæнтæ... Йæ цыбырхæтæлджын топп-иу йе уæхскмæ баппæрста æмæ-иу цалдæр боны æмгъуыдмæ хъæдмæ ацыд. Хæларæй царди гуырдзиаг сауджынтимæ, хорз арæхст гуырдзиагау дзурынмæ, фыста, "хуцури" кæй хуыдтой, уыцы алфавитæй.

Дзанг йæ царды бонты бирæ диссæгтæ бавзæрста. Хъæдты бирæ хæттыты фембæлд сырдтыл, хæйрæджытыл, фæлæ никуы ницæмæй фæтарст. Иухатт æй хъæды фондз бирæгъы сæ разæй скодтой, фæлæ йæм фæрæт йеддæмæ хæцæнгарз ницы уыдис. Ныр æм фæлæбурой, афтæ ма иу нылламгъæбузджын кæрдо бæласмæ йæхи баппæрста. Бирæгътæ æррайау фесты æмæ бæласмæ дæндагæй бавнæлдтой. Дзанг бæрзонд сбырыд, иу къалиуыл æрбадт æмæ йæхи йæ ронæй фидар æрбаста. Уалынмæ йæ сæрмæ цыдæр уынæр фæцыд, лæг хæрдмæ фæкаст, æмæ, зæгъгæ, ронæй фидар баст нæ уыд, уæд ын æнæ рахаугæ нæ уыд. Йæ тæккæ сæрмæ иу стыр къалиуыл бадт дынджыр бур арс æмæ кæрдотæ хордта. Дзанг бамбæрста, арс тагъд бынмæ кæй хиздзæнис, æмæ йын уæд æнæсæфгæ кæй нæй, уый. Йæ сæры фæмидæг диссаджы хъуыды: фелвæста йæ фæрæт æмæ, арс цы къалиуыл бадт, уый дзы фæцæфтæ кодта. Къалиу арсы уæзæй уайтагъд фæцъæл æмæ сырдæн йæ тъæпп зæххыл фæцыдис. Бирæгътæ афтæ фенхъæлдтой, лæг æрхауд æмæ йыл сæхи ныццавтой. Бацайдагъ сын æвирхъау тох. Бирæгътæ арсы царм гæппæлгай ныккодтой. Арсмæ дæриу дзы чи баирвæзст, уый-иу хыссæйау снадта. Дзанг бæласæй цымыдисæй каст сырдты тохмæ. Райсомæй арс адаргъ æмæ йæ уд ста, йæ фарсмæ æнусон фынæй баисты бирæгътæ дæр æртæйæ. Дыууæйæ ма дзы дзойдзойгæнгæ хъæды фæауон сты. Дзанг дæр ма цы бадтаид бæласыл. Æрхызт æмæ йæ фæндагыл ацыд.

Дзанг ма, дам-иу, дзырдта ахæм хабар дæр. Иухатт бæхуæрдоныл хъæдмæ ацыд сугтæ кæнынмæ. Ахæм куыстыты йын æдзух йе 'фсымæры зæнæг æхххуыс кодтой, фæлæ ацы хатт йемæ ничи уыд. Бæхы рæтæнагъд аскъуыд, æмæ йыл, ууыл архайгæйæ, банафон. Лæг Билуртайы тархъæд йæ фондз æнгуылдзау зыдта æмæ æнæкъуылымпыйæ размæ цыд. Хъæдæй æххæст нæма рахызт, афтæмæй бæх йæ бынаты нылляæууыд æмæ зæвæтдзæгъдæн райдыдта, йæ буар рызт æмæ та-иу зæрдæхалæн уаст ныккодта. Æваст Дзанг иуварс ауыдта чызджыты къорды урс къабаты. Уыдон хæстæг æрбацыдысты уæрдонмæ, йæ алыварс æрбатыхстысты æмæ, кæрæдзи къухтыл æрхæцгæйæ, заргæйæ, дыууæрдæм кодтой. Цæг къаддæрæй-къаддæр кодта. Дзанг сын сæ зарæджы ныхæсты айхъуыста йæ кой. Уыдон лæгмæ хатыдысты, цæмæй зæхмæ æрхиза æмæ сæ искæимæ акафа. Уый бандзыг æмæ сæм æгомыгæй каст. Иуафон та, бæх кæй сызнæт, уый аххосæй уæрдон тынг нызмæлыд. Дзанг ма тыххæй йæхи баурæдта, цæмæй ма рахауа. Исдуг йæхимæ æрцыд. Фæлæбурдта йæ хæцæнгарзмæ æмæ йе уæхсчы сæрты зыгъуыммæ багæрах кодта "чызджыты". Йæ хъустыл ауад æнахъинон цъæхахст, æмæ уый адыл фæдæлдзæх сты. Бæх æдæрсгæ размæ ацыд. Уый фæстæ Дзанг рарынчын, дæргъвæтин рæстæг дзургæ нал кодта, йæ чындз Кати йын цыдæр хостæ фækодта кæрдæджытæй, æмæ радзæбæх.

Ахæм хабæрттæ Дзангыл бирæ хæттыты æрцыд, фæлæ се 'ппæты кой нæ кæндзыстæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, хæйрæджытыл ничи æууæнды, фæлæ нæ фыдæлтæй баззайгæ хабæрттæ сты, æмæ сæ æрымысын адæймагæн æхсызгон у.

Дзангмæ ма уыд æндæр курдиат дæр. Хорз зыдта æрдзы сусæгдзинæдтæ, æмбæрста сырдтæ æмæ мæргъты 'взаг. Хатт-иу куы 'рхуыссыд, уæд-иу йæ бинонты бафæдзæхста, цæмæй йæ мачи райхъал кæна, æмæ-иу фынæй кодта дыгай бонтæ. Куы-иу рабадт, уæд-иу диссæгтæ фæдзырдта. Ногбоны æхсæв-иу кæд арв сыгъдæг уыдис, уæд-иу фækаст стъалыты змæлдмæ æмæ дзы цыдæр хатдзæгтæ кодта. Кæд-иу арв змæст уыд, уæд-иу йæ хуыссæн бацагуырдта æмæ-иу цалынмæ æфсинтæ ногбоны фынг цæттæ кодтой, уæдмæ-иу сахаты бæрц афынæй. Уыцы сахат-иу фыны федта, æнæхъæн аз цы 'рцæудзæн, уый. Алы хатт дæр-иу йæ ныхæстæ разындысты раст. 1933 азы, йæ мæлæты размæ, катайгæнгæйæ дзырдта, хæстæгдæр азты политикон æгъдауæй бирæ адæм кæй фесæфдзæн, æндæр бæстæ немæ кæй схæцдзæн, æмæ уыцы хæсты Уæрæсе кæй фæуæлахиз уыдзæн, фæлæ бирæ адæм кæй бабын уыдзысты, хæххон хъæутæ кæй федзæрæг уыдзысты... Фæлæ йын йæ ныхæстæ уыйас ничи ницæмæ дардта, зæронды сæнттæ сæ хуыдтой. Фæлæ се 'ппæт дæр æрцыдысты...

Адæмæн æххуыс кæнынæн райгуырд, æвæццæгæн, Дзангæн йе 'фсымæр Писыры идæдз Гæджион Кати дæр. Йæ цардæмбал куы фæмард, уæд баззадысты аст сывæллоны йæ тиу Дзанг æмæ йæ зæронд рынчын æфсинимæ. Æфсин цалдæр азы сынтæгæй нæ сыстад, æмæ йыл Кати фыдæебон кодта, зылд æм сывæллонау. Æфсин куы амард, уæд æнхъæлдта, йæ цард чысыл фæрогдæр уыдзæн, фæлæ йæхæдæг дæр уæззау рынчын фæцис. Бинонтæ катайы бацыдысты. Æнæсылгоймаг хæдзар сæфтмæ цыди.

(Кæрон 4 фарсыл)

Не 'мзæххонтæ

Фестивалы хатдзæгтæ

Бетъырбухы æвдæм хатт ацыд фестивал "Адæмыхæттыты кафт". Горæты цæрæг алы адæмыхæттыты минæвæрттæ æрбацыдысты Исаакы фæзуатмæ. Ирыстойнæгтæ дæр бæрæгбоны архайдтой.

Бетъырбухы 35 национ коллективы (адоны 'хсæн уыдысты горæты ирон æхсæнады адæмон кафты ансамбл "Нарт", Ларисæ Яруцкаяйы разамындæй зарæггæнджыты къорд, кафты паддзахадон ансамбл "Барыня" æмæ бирæ æндæртæ) сæ дæсныйадæй аивадуарзджыты зæрдæтæ барухс кодтой.

— Ахæм дзыллон мадзæлттæ ахъаз кæнынц нæ бæстæйы алы адæмыхæттыты баиу кæнынæн. Рагæйдæр иудзинад нæ хъаруйыл нымад у. Ахæм дзыллон мадзæлттæ цæмæй дарддæр дæр цæуой, уыл архайдзыстæм, — загъта Бетъырбухы æмæ Ленинграды облæсты ирон æхсæнады сæрдар **Наниты Петр**.

Бетъырбухы цæрæг алы адæмыхæттыты аивадон культурæ æмæ цардыуаг чи 'вдыста, дзыллон мадзалмæ æрбацæуæг адæмæн уыд фынддæсæй фылдæр ахæм равдысты феныны бар.

Нæ уацхæссæг

Ирон æмбисæндтæ

Чъынды 'фсин уазæгæн йæ фæсонтæм кæсы.

❁❁❁

Искæй хæдзары галы цæстæй кæсы, йæхи хæдзары та – цъиуы цæстæй.

❁❁❁

Æлгъын лæг дзуары бын дæр æлгъын вæййы.

❁❁❁

Хорз æфсины ном йæ кæрдзындæттонæй айхъуысы.

❁❁❁

Радтаджы къух райсаг у.

❁❁❁

Рæдау лæг фæндаггаг нæ хæссы.

❁❁❁

Ской æри у, æри – тыхкуырд.

❁❁❁

Курæггаг фиу тагъд тайы.

❁❁❁

Кæрдзын дæттын дæ куы нæ фæнда, уæд æй ма радт, куы йæ радтай, уæд та йыл фæсмон ма фæкæн.

("Рæстдзинад"-ы архивæй)

Газеткæсджыты сфæлдыстад

ГУССАЛТЫ Замирæт

Ирон æвзаг

Ирон æвзаг, цæй диссаг дæ,
Æвзæгты 'хсæн куыд аив дæ!
Куыд зынаргъ дæ ирон лæгæн,
Куыд адджын дæ мадау мæнæн.

Ирон æвзаг, мæ цæсты рухс,
Нæртон æвзаг, дæуæй дæн буц!
Æз райгуырдтæн дæ зæрдæйæ,
Хæссыс мын фарн ныфсдæтгæйæ.

Ирон æвзаг — фыдæлты 'взаг,
Къостайы 'взаг, аланты 'взаг,
Мæ мад æмæ мæ фыды 'взаг!
Æндæр æвзагыл нæу мæ бон
Дæу никуы баивын, уый зон!

ДОЙАТЫ-ДРИАТЫ Розæ

Къостайæн

Кæдмæ цæра ирон зæххыл ирон лæг,
Кæдмæ тула нæ фæндæгтыл та цалх,
Нæ хæхтæй та æхсæрдзæнтæй тæдзынæг
Кæдмæ хауа — фæстаг иунæг æртах.

Кæдмæ нæ сæрмæ стъалытæ æрттивой,
Кæдмæ тава йæ хъарм тынтæй мах хур,
Кæрæдзийы кæдмæ фæлтæртæ ивой, —
Нæ уыдзæн рох æппæт Иры хъæбул!

Ды адæмæн дæ цард нывондæн хастай,
Сæ сæрибарыл кодтай тох æдзух,
Сæ хъысмæтыл уыдис дæ мæт, дæ катай,
Сæ сагъæстæй ды никуы уыдтæ цух.

Дзырды дæснытæ абон дæр ис бирæ,
Æз уыдонмæ дæр ницы хæссын фау,
Фæлæ уæддæр Къоста у махæн иунæг,
Дыккаг Къоста нæ райгуырди нырма.

Хатыр, Къоста, дæу фаг ныхæстæ ссарын
Мæ бон куы нæу æнусмæ дæр мæнæн.
Дæуæн ис 'рмæстдæр стъалытимæ сбараен,
Дæ ном æнустæм калдзæни тæмæн.

Ирон лæджы кад бынмæ ма 'руадз!..

Цы ирон лæг ацæуы дардмæ
Йæ райгуырæн Иры зæххæй,
Æцæгælон адæмы зардмæ
Кæд бахъырны, оххай, хъæрæй.

Цыфæнды бæрзонд бынат бацахс
Кæйдæр æцæгælон бæсты,
Ирон лæджы кад бынмæ ма 'руадз,
О, макуы йæ бафтау цæсты!

Нæ фыдæлтæ кадджын уыдысты,
Ныфс æмæ хъаруйæ æххæст.
Уæд тохы дæр разæй цыдысты,
Гæнæн нæй, уæд истой мælæт.

Нæ мадæлтæ диссаджы 'фсармджын,
Бæркадкъух, цæхх-кæрдзындæттон.
Цыфæнды зын уавæр хъуыддаджы —
Æрхъуыдымæ зондджын, нæртон.

Адæймаг амондæн конд у

Фыссæнгарз райс-ма, мæ хæлар,
Зæрдæйы сагъæстыл фыст!
Дзаг-иу уæд мулкæй дæ хæдзар.
Нæй дын хæлæрттæ, уæд тыхс.

Адæмы бауарз зæрдæйæ,
Раст уды макуы æфхæр,
Ма 'руадз лæджы кад дæлæмæ,
Афтæмæй мин азы цæр!

Цардæн йæ иу бон дæр хорз у,
'Нæниз, æнæмаст куы уай.
Адæймаг амондæн конд у,
Царды цинтыл, уæдæ, рай!..

Мælæтæй дæр раздæхин цардмæ...

Дæ цæстыты уайдзæф куы уынын,
Æнкъардæй фæкæсынц æдзух.
Цы сау маст сæ, цымæ, фæзыны,
Æппын сæ нæ фæуадзы цух.

Кæд искуы æнæрхъуыды, сонтæй
Ныхасæй дæр бафхæрдтон дæуу,
Фæсур æй, мæ хур, уæд дæ зондæй,
Мæнæн дæр æнцон, мыййаг, нæу.

Нæ мæм кæсис афтæ тызмæгæй,
Чысыл дæр куы уарзис ды мæн.
Мыййаг мæ кæд зоныс фыдлæгæй,
Нæ йын ис, цымæ, уæд зæгъæн?

Фæсурид дæ иу бахудт дардмæ
Мæ зæрдæйы сагъæс мæнæн,
Мælæтæй дæр раздæхин цардмæ,
Æрмæстдæр мын зæгъ: "Æз дæу дæн!"

ХÆУЫТАТЫ Светæ

Ирон дзырд

Ирон дзырд — мæ катай,
Мæ риссæгты рис.
Мælгъæвзаг мын радтай —
Мæ царды мæцъис.

Куы фæкæнын дзургæ,
Фæкæнынц дыл дис.
Хуыцауæй дæ кургæ,
Мæн амонд фæцис.

Куы хъусон ирон дзырд —
Æвдмырон — уæздан.
Мæ къахдзæф уæнгрог цыд,
Мæ зæрдæ уæлран.

Куы фехъусын искæд
Дæ фæдисы хъæр,
Фæлтау-иу мыл ризгæ
Æрæмбæрзут мæр.

Хуры рухс

Хуры рухс рæвдаугæ
Дунемæ æркаст.
Уый цыма ды уыдтæ,
Афтæ мæм фæкаст.

Рог уддзæф мæ рæзты
Сиргæйæ фæраст.

Уый цыма ды уыдтæ,
Афтæ мæм фæкаст.

Æрдзы рæсугъд нывты
Æз уынын дæ сурæт.
Ды мæ царды цин дæ,
Ды — мæ зынтæ сурæг.

Райгуырæн уæзæг

Æхсæв йæ дари æрытыдта,
Боны рухс дзир-дзур кæны.
Мæй нæм уæларвæй æркуывта,
Рухс тынтæ уаргæ цæуы.

Мæйрухсмæ донуæлцъар ризы,
Уылæн хæл-хæлæй кæлы.
Кæрдæгыл бæхræгъау хизы,
Бæхгæсы зарæг зæлы.

Хъæугæрон обауы сæрæй
Дымгæ фæндырдзагъд хæссы,
Фæсивæд алкæд изæрæй
Райгæйæ ардæм тындзы.

Уарзын мæ райгуырæн уæзæг,
Алцы мын ам у зынаргъ.
Уалдзæг уа, сæрд æви фæззæг,
Амондджын рæстæг дзы даргъ.

Хуссар Ирыстонæй

Нывтæ балæвар кодта

Хуссар Ирыстоны адæмон нывгæнæг ЧЕЛÆХСАТЫ Магрезæн республикæйы Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты равдыстон залы чи уыд, уыцы бирæ аивадуарзджытæ се 'ргом аздæхтой амынд равдыстмæ.

Ацы хабар фехъусын кодта ахуыргæнæндоны музейон комплексы директор **Касаты Фатимæ**.

— Ивгъуыд азы октябры кæй байгом кодтам, уыцы зындгонд æрмдæсныйы куыстыты равдыст æрæджы сæхгæдтам. Равдыст фенынмæ æрбацæуæг мингай адæймæгты æхсæн уыдысты æхсæнады минæвæрттæ, республикæйы уазджытæ, стæй нæ ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. Цыфæнды адæймагæн дæр ис нæ музеймæ æрбацæуын æмæ ам æфснайд экспонаттæ фенины бар, — загъта бæрнон сылгоймаг.

Касаты Фатимæйы ныхасмæ гæсгæ, экспозицийы кæй сæвæрдтой, уыцы сæдæ дыууын нывæй æртæ — "Геноцид", "Легендæ" æмæ "Хæххон легендæ" балæвар кодтой университеты музейон фондæн.

— Мидисджын уацмыстæ нын балæваргæнæг нывгæнæгæн — бузныг. Нæ музейон фонды æфснайд сты зындгонд æрмдæснытæ **Хъотайты Григори, Бититы Вадим, Цхуырбаты Тамерлан, Каджаты Вадим, Гæбæраты Барис, Кæсойты Лаврентий, Санахъоты Владимир** æмæ **Бекъойты Аланы** конд нывтæ дæр, — загъта Касаты Фатимæ.

Амынд университеты музейон комплексмæ хауынц аивадон равдыстыты зал, стæй зоологи æмæ бæстæзонæн музейтæ.

Нæ уацхæссæг

Фыдæлты фарн ахæмтыл лæууы

(Райдайæн 3 фарсыл)

Иу хатт Кати тынг фæтыхст. Йе 'муд куы 'рцыд, уæд тарф фынæй баци. Ацы рæстæджы йæм фыны 'гъдауæй йе 'фсин æрбацыд æмæ йын афтæ загъы: "Мæ зынаргъ чындз. Дæу хуызæн рæстуд адæймаг рынчын кæнынæн æвгъау у. Бирæ мын фæлæггад кодтой. Дæ лæггæдтæ мыл бирæ ис, æмæ мын дæ тыхстдзинад мæрдты æнцой нæ дæтты. Рацу ма, мæ хъæбул, æмæ дын æз дæ низæн хос бацамонон". Уый фæстæ Катийы къухыл ахæцыд æмæ йæ акодта, дон цы суадонæй хастой, уый цурмæ. Суадоны раз бæрзонд хæмпæлгæрдæджытыл йæ къух ахаста æмæ дзы иумæ бацамыдта: "Ацы кæрдæг бахъуыды кæн, райсом дзы æртон æмæ-иу сæ рафыц. Бон дзы æртæ хатты нуаз. Дæ уæлион лæггæдтæй дын уый уæддæр бафидон. Æз ма дæ абæрæг кæндзынæн, æрмæст мын мæ амынддзинæдтæ макæмæн зæгъ".

Кати фырадæргæй фехъал, йæ сур хид акалд, нæ йæ æмбæрста, йæ хæрзгæнæг у æви йе 'намонд æрцыд. Фæлæ йыл уæддæр йæ цымыдис фæуæлахиз. Райсомæй раджы ацыд уыцы бынатмæ, æмæ уайтагъд йæ цæстытæ кæрдæджытыл æрхæцыдысты. Æртыдта дзы, æмæ уыцы амынддзинадмæ гæсгæ нуазын райдыдта. Къуыримæ Катийы, цыма, исчи ивгæ бакодта, афтæ фæци. Йæ бинонты цинæн кæрон нал уыд, фæлæ уыцы сусæгдзинад сылгоймаг никæмæн дзырдта. Дарддæр æм фынгæгъдауæй цыд йæ хæрзгæнæг æмæ йын амыдта алыхуызон кæрдæджытæ, уидæгтæ, чи сæ цы низæн бæззы, кæм æмæ кæд тонгæ сты, куыд аразын æмæ сæ нуазын хъæуы.

Фæстаг хатт Катимæ йе 'фсин куы фæзынд, уæд æй бафæдзæхста: "Нырæй фæстæмæ мæн никуыуал фендзынæ, фæлæ дын кæй бацамыдтон, уыдонæй адæмæн лæггад кæн, пайдайыл макуы хъуыды кæн æмæ дæ зæнæгимæ дæ цард уыдзæн арфæгонд. Ацы сусæгдзинад зæгъдзынæ æрмæстдæр, зæры бонты дæ зæрдæмæ æввахс чи уа, уыцы миниуджытæ чи адарддæр кæна, уымæн.

Хосгæнæг Катийы кой айхъуыст æнæхъæн комбæсты. Цыдысты йæм мæгуыр, тыхст адæм. Хос кодта тарнизæн, астмæйæн, ахсæны, тъæнгты, уыргты низтæн, æвæрдта цъæлтæ, æлвæстытæ... Амыдта, низ руадзыны тыххæй цы хъæуы æмæ афтæ дарддæр. Бирæ адæмæн фæхос кодта Кати, фæлæ иу суари дæр никуы никæмæй райста. Фæлæ цух нæ уыд тыхст адæмы арфæтæй. Æмæ йыл цæугæ дæр кодтой. Цард ыл зынын райдыдта. Йæ сидзæртæ никуыуал ницы цух фесты. Сæ фосы дзугтæ сæрвæтты нал цыдысты. Нард кусæрттаг, царв, цыхт, мыд кæй хъуыд, уыдон иууылдæр уыдонмæ цыдысты. Катийæн йæ бирæ зæнæг сæ амæндтæ ссардтой, афтæмæй 105 азмæ фæцард амондджынæй. Амард 1935 азы. Йæ мæлæт куы 'рхæстæг, уæд йæ цæст дардта йæ бинонтæм æмæ йæхинымæр агуырдта, йæ дæсныйад ын чи адарддæр кæна, ахæм, æмæ равзæрста йæ зæрдæргъæвд чындз Хъоцион Аникъойы (мæ фыдымад). Кати йæ чындзæн фæамыдта, цыдæриддæр ын йæхицæн амыдтой, уый. Уымæн дæр бафæдзæхста, зæры бонты йын йæ миниуджытæ чи адарддæр кæна, йæ сусæгдзинæдтæ æрмæстдæр ахæм æввахс адæймагæн куыд зæгъа.

Йе 'фсин Катийæ фæсте нæ баззад Хъоцион дæр. Цыдæриддæр ын бацамыдта, уыдон æххæст кодта æнæлазæй. Катийæ уæлдай ма Хъоцион кодта операцитæ, ласта дæндæгтæ. Зæгъæм, Нагутнийы хъæукаг, Уалыты Яшæйæн йæ къах ныррæсыд. Гангренæ, зæгъгæ, Калачы дохтыртæ йæ лыг кæнынмæ хъавыдысты, фæлæ уый йæхи Хъоционы бар бакодта. Уый агъд басгæрста æмæ бамбæрста, стæджы алфамбылай кæй бамбыд. Къах цалдæр сантиметры дæргъæн арф æрлыг кодта æмæ йæ сæрмагонд кæрдæджытæй фæсыгъдæг кодта, уый фæстæ дзы кæрдæджы донбадтæй компресстæ фæкодта, æмæ лæг иу мæймæ йæ къахыл слæууыд.

Цхуырбаты Марияйæн йæ риу фехæлд, æмæ йæ дохтыртæ сæ хæдзармæ рарвыстой, онкологи у, зæгъгæ. Уый дæр та Хъоцион йæхимæ райста æмæ йæ сдзæбæх кодта. Табуты Уасо, хъæды бæлас калгæйæ, йæ быны фæцис, æмæ йæ ставд къæлиутæ нылхъывтой зæхмæ. Йе стджытæ цалдæр раны асастысты. Хъоцион ын сæ кæрæдзийыл сæвæрдта, фæйнæджытæй сæ бабаста æмæ хорз бахсыстысты. Ахæм цаутæ цас уыдысты...

Аникъо куы базæронд, йæ хъару адæмæн хос кæнын куы нал уыд, уæд ма, бæргæ, тырныдта йæ хосгæнæн миниуджытæ искæмæн бацамонын, фæлæ уæдмæ медицинæ размæ рацыд æмæ йын йæ зæнæгæй йæ дæсныйад æнæмæнгхъæугæйыл ничиуал банымадта. Афтæ æртæ фæлтæры ацы фæрнджын адæймæгтæ æфсинæй чындзмæ фæлæвæрдтой сæ уды хъарм, сæ зонындзинæдтæ, удыбæстæ скодтой сæдæгай адæймæгтæн. Нæ фыдæлты фарн ахæм адæймæгтыл лæууыд.

ДЖУСОЙТЫ Нинæ

Барадон фæтк

Æнæсæрфат гæрæхтæ

Дзæуджыхъæуы Инæлар Плийы-фырты уынджы рестораны раз чындзхæсджыты хæдтулгæты цыды рæстæг æбæрæг адæймаг æхсæнгарзæй гæрæхтæ кæнын райдыдта, зæгъгæ, горæты пъæлицæйы 2-æм хайады кусджытæн ахæм хабар фехъусын кодтой.

Фыдбылызы бынатмæ æвæстиатæй æрбацæуæг пъæлицæйы кусджытæ закъонхалæджы ном сбæлвырд кодтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй гæрæхтæ кодта чындзхæсджыты хæдтулгæтæй иуы —"BMW X5"-ы бæлццон. Закъонхалæджы, Æрæфы районы цæрæг 27-аздзыд лæппуйы баластой пъæлицæйы хайадмæ йæ хъуыддаг ын равзарынмæ.

Ахст адæймаг гæрæхтæ кæмæй кодта, уыцы дамбаца "Сталкер" æлхъывд уæлдæфæй кæй æхсы, барадхъахъхъæнджытæ уый сбæлвырд кодтой.

Æхсæнгарз байсынæй уæлдай, хæдтулгæ "BMW X5" дæр тæлæтгонд æрцыд. Урæд лæппу, йæ азымыл басæтгæйæ, дарддæр нывыл уагæй хи дарынæй зæрдæ бавæрдта. Пъæлицæйы кусджыты фарстытæн дзуаппытæ дæттын кæй бахъуыд, дзæгъæл гæрæхтæгæнæг лæппу канд чындзхæсджыты нæ, фæлæ уыцы æрыгон къайады равг дæр фехæлдта.

Закъонхалæгыл арæзт æрмæджытæ барвыстой тæрхондонмæ уынаффæ рахæссынмæ. Уæвæн ис æмæ гæрæхтæгæнæг адæймаджы фæивар кæндзысты 50 мин сомæй, йæ æхсæнгарз ын байсгæйæ.

Мидхъуыддæгты министрад адæмы зæрдыл лæууын кæны: цыфæнды æхсæнгарзæй — цуанон, травматикон æмæ æлхъывд уæлдæфæй, æхсæнгæрзтæ дæр нымайгæйæ, æнæмбæлгæ рæтты гæрæхтæ кæнын не 'мбæлы, уымæн æмæ ахæм æнæхъуаджы, æбæрнон гæрæхтæй адæмы цард æмæ æнæниздзинадæн тæссаг у.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Арфæйы фыстæг

Зынаргъ редакцийы кусджытæ!

Мах æппынæдзухдæр кæсæм газет "Рæстдзинад". Фæнды нæ арфæйы ныхæстæ зæгъын алайнаг адæмы баиу кæныны фæдыл фыст æрмæджыты тыххæй.

Ацы темæ тынг ахсджиаг у алайнаг адæмæн, йæ фидæнæн. Æхсæнады йæ ахадындзинад бæрзонд у. Курæм уæ, цæмæй ацы фарстайы æхсæнадон-политикон афæлгæст дарддæр дæр кæнат. Профессор Дзанайты Хадзымæты иннæ уацтæ ацы фарстайы тыххæй дунейы рухс куыд феной, уый нæ фæнды.

Нæ зæрдæмæ цæуы авторы патриотизм, йæ аргументтæ, дарддæр дæр сæ кæй мыхуыр кæндзыстут, ууыл нæ зæрдæ дарæм. Иннæ ахуыргæндтæ дæр сæ хъуыдытæ рæгъмæ кæй рахæсдзысты, уый нæ уырны.

Профессор Дзанайты Хадзымæтæн йæ ахст бынат у раст æмæ барст, нæ адæмы фидæн æй тынг æндавы. Æхсызгонæй бакæсиккам йемæ интервью, йæ фæллæйттимæ базонгæ уæвын нæ фæнды. Рагацау уын бузныг зæгъæм.

ДЗБОЙТЫ Михал, ТОМАЙТЫ Шамил, СОЛТАМТЫ Сергей

Уæхи дзæбæх кæнын зонут

Мыдæн дзы æмбал нæй

Быныдзыты мыдæй адæймаг алы низтæй йæхи дзæбæх кæнын базыдта тынг раджы. 3500 азы размæ мысирæгтæ зыдтой мыдæй цæфтæ дзæбæх кæнын.

Хъуыстгонд бердзенаг дохтыр Гиппократ 2500 азы размæ йæ чиныг "Цæфты тыххæй"-ы фыста мыдæй пайда кæныны рецепттæ.

Ныртæккæ дæр адæмон медицинæ уæрæх пайда кæны мыдæй алыхуызон низты ныхмæ. Мыдæй буары цæф куы байсæрдай, кæнæ, цæфыл мыдæй компресс куы сæвæрай, уæд цæфмæ туг тынгдæр цæуын райдайы, сыгъдæггонд цæуынц буары гуырæ, æмæ тагъд сдзæбæх вæййы.

Мыд тынг æххуыс кæны ахсæны низтæн. Хуыздæр у, хъæрмуст доны йæ стайын кæнгæйæ, нуазын аходæн æмæ сихоры хæрдæй 1-2 сахаты раздæр. Изæрæй та мыд нуазын хъæуы æхсæвæрæй артæ сахаты фæстæдæр.

Мыд æххуыс кæны нервыты æнцойдзинадæн, хуыздæр фынæй кæнынæн.

Мыдæй пайда кæнынц зæрдæйы, тугдадзинты низтæн. Кæнынц дзы алыхуызон сæрдæн хостæ цæстытæ æмæ буары низтæн.

Адæймаджы уазал куы бацæуа, уæд ын дæттын хъæуы тæвд цай кæнæ фых æхсыр, мыд сыл никкæнгæйæ.

Исчи зæгъдзæн, ацы рæстæджы алцыдæр зынаргъ куы у, уæд пенсиисæгæн мыд æлхæнын йæ бон кæм бауыдзæн.

Раст зæгъдзæн, мыд зынаргъ у. Фæлæ, афтекты цы хостæ уæй кæнынц, уыдон асламдæр сты? Не сты. Мыд та хæдзары уавæрты æфснайдæй дарæн ис дæргъвæтин рæстæджы, æмæ-иу дзы бахъуаджы рæстæджы пайда кæнут низы ныхмæ.

Амал кæмæ ис, уый та йæ æрвылбон дæр хæрæд, йæ зæрдæ куыд агуры, афтæ.

Дохтыртæ куыд амонынц, афтæмæй ацæргæ адæймаг суткæйы дæргъы 60-100 г мыд куы хæра (уыцы-иу хæрд нæ), уæд уый хорз æххуыс у йæ æнæниздзинад, психикæ æмæ нервытæ фидардæр кæнынæн.

Уæдæ хæрут мыд, нæ зынаргъ хистæртæ, æмæ фылдæр цæрдзыстут æнæниз æмæ хъæлдзæгæй.

ÆЛБЕГАТЫ Батрадз, мыддар

Цæхæрадоны арæх чи фæкусы, уыдонæн

Цæмæй къухтæ фæлмæн уой

Сæрдыгон алчидæр фылдæр йæ цæхæрадоны куыстытæ фæкæны. Адæмæй иутæ зæххы саумæримæ фæархайынц æрмкъухтимæ. Фæлæ, æнæ уыдонæй чи фæкусы, уыдонæн та сæ къухты æрмттæ фæтар æмæ сдæрзæг вæййынц. Цæмæй афтæ ма уа, уый тыххæй райс донгуыры фыртуаг — 100 г, ныккæн ыл мысатыры спъирт — 10-20 г æмæ сæ сызмæнт иумæ тæбæгътæхсæн сапонгондимæ. Уыцы змæсты дæ къухтæ фæдар 30 секунды. Уый фæстæ сæ нысх хъарм донæй. Афтæ иуцалдæр хатты куы бакæнай, уæд дæ къухты скъуыдтытæ бадзæбæх уыдзысты, сæ тархуыз ссæудзæн, сæ раздæры урс хуыз райсдзысты, сфæлмæн уыдзысты.

Дзырдбыд



ФÆРСЫРДÆМ: 6. Зараг цъиу. 8. Æнæхил. 9. Аххос, лаз. 10. Хуылфыдзаумæттæ. 11. Тугдзых сырд. 15. Рæстæджы бæрц. 17. Сылгоймаджы аивгæнæн дзаума. 20. Уæрм. 21. Уæгъдибар, æнæхъыгдарæг. 22. Дызæрдыг, гуырысхо кæнын. 23. Сыбираг хъазахъхъаг, зындгонд сыбырсгарæг. 26. Хæцæнгарз. 27. Сывæллæтты лирикон зарæг. 29. Тыхы балц. 32. Фидар æфсæйнаг. 34. Ирон хъæу Стъараполы крайы. 35. Буары хай. 36. Рынчын.

БЫНЫРДÆМ: 1. Къуыбыр. 2. Æхсæвы рухс. 3. Дзæбæх, æнæниз, удæгас. 4. Кусгæ бон, иннæ бонты хуызæн бон. 5. "... хъастмæ нæ цæуы". 7. Сывæллоны хъазæн. 12. Фысы мыггаг. 13. Разамынды кусæн бынат. 14. Истæмæ бафтауæн. 16. Диссаджы къус таурæгъты. 18. Куыстуаты раззагдæр архайджытæ. 19. Африкæйаг цæрæгой. 24. Æнтыд. 25. Тæрхоны архайæг. 28. Къостайы æмдзæвгæ. 30. Сугты бынат хæдзары. 31. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 33. Ирон фыссæджы ном.

Дзуаппытæ 11 июны мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Боцкъа. 3. Бæхдон. 7. Уæрцмæнæу. 8. Коса. 9. Саман. 11. Тавиц. 13. "Гино". 16. Хъæла. 17. Тыртына. 19. Ирдгæ. 20. Къæлæт. 21. Уæрæсе. 26. Къада. 27. Къурупа. 29. Олимп. 30. Акци. 32. Сæнар. 35. Ахæст. 37. Амал. 38. Уырындыхъ. 39. Æврагъ. 40. Бейрут.

БЫНЫРДÆМ: 1. Болат. 2. Къæпи. 4. Хъæни. 5. "Нива". 6. Амынæт. 8. Колхоз. 9. Сомих. 10. Нæуæдз. 12. "Азар". 14. Гæркъæраг. 15. Æдзæстхиз. 17. Тентекк. 18. Армукъа. 22. Анкара. 23. Гæппæл. 24. Сабат. 25. Цола. 28. Рæдæнг. 31. Цъына. 33. Æлхой. 34. Рабат. 36. Содæ.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Работаю со слабоуспевающими детьми начальных классов. Результаты гарантирую.
Тел.: 8-989-130-37-68 (Таисия).

Подготавливаю детей к школе по ускоренной методике.
Результаты гарантирую.
Тел.: 8-989-130-37-68 (Таисия).

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.
ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.

Номыры радгæс редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3818.
Заказ № 646.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru